



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARYA POU REVITALIZASYON REJYONAL POU VIL BUFFALO, NIAGARA FALLS AK ROCHESTER

Kòm swivi snons Bidjè 2023 a, Eta a apfè patenarya ak Fondatè Prive ak Gouvènman Minisipal yo pou investi nan sit ki defavorize sou plan ekonomik nan chak vil

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a detay pou Patenarya pou Revitalizasyon Rejyonal la, yon inisyativ kolaborasyon sou plizyè lane ant Empire State Development Eta New York, minisipalite lokal ak patnè filantwofik prive yo. Eleman nan RRP, k ap sible katye nan vil ki defavorize sou plan ekonomik yo nan Buffalo, Niagara Falls ak Rochester, te anonse anvan nan dat 25 avril 2022 pa Gouvènè Hochul nan kad bidjè Ane Fiskal 2023 Eta New York la. Yon rezime estrateji, apwoch mizanplas, pwojè, pwogram ak zòn jeografik ki sible nan RRP a [disponib isit la](#).

"Patenarya piblik prive sa ap yon katalizè pou devlopman ekonomik nan tout kominote sa yo, epi l ap sèvi kòm yon modèl pou vil atravè peyi a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap rekonstui pi byen ke jamè soti nan pandemi COVID an, estrateji olistik sa ap ede leve katye ki pi defavorize yo nan Buffalo, Niagara Falls ak Rochester. Eta New York ap kontinye fè aksyon ki odasye pou transfòmasyon pou katye vil sa yo epi rekonstui yon avni ki pi solid, ki pi jis pou tout Nouyòkè."

Komisè ak Prezidan, ak Direktè Egzekitif Empire State Development Eta New York la Hope Knight te deklare, "Lè nou investi nan apwoch kowòdone, kolaborasyon estratejik sa, sa ap maksimize benefis epi atenn chak dola eta a te investi. Efò kominotè anbisye sa ap mennen nan pwojè ki pote transfòmasyon pou katye vil sa yo epi sèvi kòm modèl ki ka replike nan tout Eta New York."

RRP a ki te devlope nan yon efò kolaborasyon pandan tout 2021 an, RRP a se yon ko-estivman prive ak piblik rejyonal 300 milyon dola nan twa zòn jeografik ki entèkonekte: Buffalo, Niagara Falls ak Rochester. Estrateji ki oryante vè kominote sa ap chèche konstui richès lokal epi pèmèt rezidan yo itilize yon modèl ki ensite devlopman ekonomik atravè patenarya gouvènman ak òganizasyon imanitè.

Patenarya a ap maksimize enpak sosyal ak ekonomik nan twa vil Lwès New York sa yo lè li ko-vesti nan pwojè ak pwogram ki vize amelyorasyon kondisyon ekonomik pou benefisyè rezidan ak biznis nan kominote sa yo. Li apiye epi akselere ògan travay ki akse sou kominote ki kolaboratif ki deja ankou yo. Eta New York ap angaje 200 milyon dola, Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr., ansanm ak lòt patnè imanità ak antrepriz yo ap angaje 81 milyon dola, epi rès 19 milyon dola a ap soti nan gouvènman lokal chak vil. Jiska prezan, ESL Federal Credit Union, fondasyon KeyBank ak M&T Bank te dakò pou rejwenn patenarya a, ak lòt depans pou patisipe toutotan y ap mete pwogram nan anplas.

David Egner, Prezidan ak Direktè Egzekitif, Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr. Foundation te deklare, "Efò sa pa sèlman apiye travay plizyè douzèn patnè ak fondatè ki egziste deja ki te deja ankou nan chak kominote endividyèl, men li miltipliye efò sa yo atravè investisman estratejik piblik ak prive ki genyen gwo potansyèl pou diminye disparite ekonomik epi reyalize enpak ki pote transfòmasyon atravè rejyon an. Pake pwojè estratejik Lwès New York yo ak pwojè yo bay priyorite yo ap rekonèt antanke yon modèl nasyonal pou mobilize rezo finansman sipleman. Antanke yon baz depans, ak sèlman 12 an ki rete, kolaborasyon solid epi estratejik sa ouvri wout pou nou fè angajman ki enpòtan nan moman sa alè k ap benefisyè twa kominote ke nou sousye de yo anpil. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak tout patnè nou yo nan òganizasyon imanità yo, gouvènman ak sektè prive a pou lidèchip ak patisipasyon yo nan apwoch inik sa pou devlopman ekonomik."

Twa pilye pwogram lan se:

- **Favorize ti biznis**, lè li bay pwogram pou ede amelyore epi devlope antrepriz sa yo, espesyalman sila yo ki pou fanm ak moun koulè yo, ki elaji chwa pou byen/sèvis nan katye sa yo, revni pou manm kominote yo, ak opòtinite travay;
- **Investis nan kreyasyon espas**, lè li finanse amelyorasyon distri biznis lokal yo, rebati ankraj yo epi revitalize katye yo; epi
- **Prepare mendèv nou an**, lè li ranfòse kapasite rezidan lokal yo epi amelyore aksè yo nan opòtinite pou travay ki byen peye.

Inisyativ la, ki te devlope nan fason estratejik ak patnè kominotè yo, genyen ladan l gwo investisman nan plizyè pwojè ak pwogram ki trè vizib ki t ap reyalize objektif alontèm kominote nan chak vil, ki enkli men ki pa limite a:

- Yon efò 180 milyon dola nan Buffalo ki konsantre sou yon ekspansyon pwojè ak pwogrè ki fèt nan Kot Lès vil istorik sa, ki enkli pou antreprann gwo pòsyon nan pwojè kapital alontèm yo, ki genyen ladan yo: plis pase 60 milyon dola pou Tèminal Santral Buffalo ak òganizasyon jesyon CTRC; 37 milyon dola pou amelyorasyon kapital Broadway Market ak pou mete sou pye yon antite san bi likratif; gwo investisman nan Koridò Eritaj Afriken Ameriken Michigan Street la

(Michigan Street African American Heritage Corridor) ak pou restore sèr istorik Pak Martin Luther King, Jr. a.

- Yon efò konbine 40 milyon doa nan Niagara Falls k ap sipòte finansman inisyal pou efò planifikasyon kiltive ESD/Vil 2021 yo, ki enkli yon pwogram 19 milyon dola ki konsantre sou patenarya alimantè ki ankre nan zòn Mache istorik Vila sa sou tout Pine Avenue; yon pwogram 15 milyon dola pou resore, mete aksan epi fè pwomosyon sou divès eritaj ak etablisman ankraj kominotè; ak pwogram asistans pou ti biznis 5 milyon dola nan zòn sib distri komèsyal ki mansyone pi wo a.
- Yon efò konbine 80 milyon dola nan Rochester, ki ta ka genyen ladan l gwo investisman siplemantè nan efò kontini pou bò dlo vil sa, tankou ROC the Riverway ak Pak Eta High Falls; plis sipò/ekspansyon nan yon pwogram fòmasyon mendèv plizyè fasèt; ak aistans pou ti biznis ki sible nan tout koridò komèsyal nan katye ki pi defavorize vil sa.

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li kontinye kolaborasyon nou sou Kot Lès la ak inisyativ finansman inovan sa k ap atire 180 milyon dola nan katye Buffalo ak sit tankou Broadway Market, Michigan Street African American Heritage Corridor, ak MLK Park, mwen remèsye tou Fondasyon Ralph C. Wilson Jr. ak lòt antite prive yo k ap bay gwo investisman nan Kot Lès Buffalo. Finansman sa yo apiye epi konplete investisman Administrasyon mwen an te atire pa kontrivisyon rezidan ak biznis sou Kot Lès la."

Majistra Vil Niagara Falls Robert Restaino te deklare, "Se yon inisyativ kolaborasyon enpresyonan k ap elaji benefis ekonomik pi lwen pase distri touristik anba lavil nou an pou rive nan katye Vil la lè li revitalize byen ki gen gwo potansyèl tankou zòn City Market la kòm yon egzant sèlman. Pwojè ak pwogram yo idantifye pou Niagara Falls yo te idantifye nan fason estratejik atravè yon pwosesis sesyon pou koute ak rankont vityèl ki te fèt pandan ane pase a ak patnè kominotè ak sitwayen lokal yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Fondasyon Ralph C. Wilson ak lòt patnè imanitè yo k ap travay ak Vil Niagara Falls pou fè amelyorasyon sa yo vin yon reyalite."

Majistra Vil Rochester Malik D. Evans te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Empire State Development ak patnè nou yo nan sektè imanitè a pou investisman kontini yo nan moun Rochester ak Lwès New York atravè Patenarya Revitalizasyon Rejyonal la. Patenarya kominotè tankou sa se pi bon fason pou reyalize siksè alontèm, pèmanan pandan n ap chèche konstui richès epi ranfòse kondisyon ekonomik nan katye ki gen plis defi nou yo. Pwogram n ap fè avanse atravè patenarya sa ap jwen yon wòl majè nan efò nou pou kreye yon Rochester ki gen plis sekirite, ekitab epi pwospè."

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Lè yo itilize prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)